## *Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*

### *2019 jıl yanvar-mart aylarında tiykarg'ı kapitalg'a investitsiyalar*

Esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyanıń ko'lemi 1328,8 mlrd.sumdı quradı h'a'm o'tken jıldıńń usı da'wirine salıstırǵanda 136,3% ósimge erisildi. Qarjılandırıw dereklerine tallaw ju'rgizgende ulıwma ko'lemniń 69,1%, yaǵnıy 918,4 mlrd.sumı ajıratılǵan qarajetlerdiń esabınan, al 30,9%%in, yaǵnıy 410,4mlrd.sum karxanalardıń ha'm puxaralardıń qarejetleri esabınan du'zilgen.

***O'sim p'ati o'tgen jılga salıstirg'anda 136,3 payızdı quraydı***



# *Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalar*

Esabat dáwirinde qarjılandırıwdıń oraylastırılǵan quramına 646,7 mlrd.sum òzlestirildi bul ja’mi investitsiyanin’ 48,7%in quradi ha’m o’tken jıldın’ usı da’wirine salıstırǵanda 10,4 ma’rte ko’p ekenligin ko’rsetedi. Oraylastırılmaǵan qarjılandiriw derekleri esabinan ajıratılǵan investitsiya 682,1 mlrd.sum bolıp bul 2018- jıl yanvar-martqa qarata 22,8%ke asqan.

Karxana ha’m mekemelerdińo’z qarjilari esabınan 212,5 mlrd.sum tiykarǵl kapitalǵa investitsiyalar o’zlestirildi ham bul ja’mi investitsiyanin’ 16,0%ına tuwrı keldi.

Xalıq qarjıları esabınan 197,9 mlrd.sum, yaǵnıy 14,9% investitsiyalar òzlestirildi.

Esabat dáwirinde Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditları 354,9 mlrd.sum bolip, bul 2018-jıl yanvar-martqa salıstirǵanda 8,7 márte kópdir hám jámi investitsiyaniń 26,7 payızın quraydı.

Sonıń menen birge, bank kreditleri hám basqa qarız qarjıları esabınan 605,0 mlrd.sumdı quraydı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardiń uliwma kóleminiń 10,0 payızın quraydı), ótgen jılǵa qaraǵanda 4,1%ǵa kemeydi. Tuwrıdan tuwrı hám basqa shet el investitsiya hám kreditler esabınan 74,8 mlrd.sum (ótgen jıldiń usı dáwirine salıstırǵanda 50,7% hám 4.1%ke ósgen) tikleniw hám rawajlanıw fondı qarjıları esabınan -94,2 mlrd.sum (7,1% hám 8,8 mártege asqan), Respublika byudjeti esabınan -188,7 mlrd.sum(14,2% hám 8,8mártege ósken), suw tarmaqları sistemasın rawajlandırıw fondı qarjıları esabınan - 1,3 mlrd.sum(0,1%), Dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw fondı qarjıları -7,6 mlrd.sum yáki tiykarǵı kapitalǵa jámi investitsiyaniń 0,6% ın quradı.

# *Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalar*



## *Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalar*



# *Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalar*

**Múlkshilik derekleri boyınsha tiykarǵıı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardiń úlesi**

(%de)




Esabat dáwirinde tiykarǵi kapitalǵa mámleketlik emes múlk tiykarında kiritilgen investitsiyalar kólemi ótgen jılǵa qarata 12,8 % ke asdı.

| | mlrd. sum | ósim páti % | Ulıwma kólemniń % dağı úlesi |
|---|---|---|---|
| **Bárshe qarjılandiriw derekleri esabınan:** | **1328,8** | **136,3** | **100,0** |
| **Respublika byudjetı** | 188,7 | 8,8p | 14,2 |
| **Suw tarmaqları sistemasın rawajlandırıw fondı qarjıları** | 1,3 | - | 0,1 |
| **Dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw fondı qarjıları** | 7,6 | - | 0,6 |
| **Tikleniw hám rawajlanıw fondı qarjıları** | 94,2 | - | 7,1 |
| **Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditları** | 354,9 | 8,7p | 26,7 |
| **Karxanalar, sonday-aq jergilikli byudjet qarjıları** | 212,5 | 64,4 | 16,0 |
| **Kommersiyaliq bank kreditleri ham basqa qariz derekleri** | 196,9 | 102,1 | 14,8 |
| **Tuwridan-tuwri shet el investitsiya ham kreditleri** | 74,8 | 49,3 | 5,6 |
| **Xalıqtıń qarjıları** | 197,9 | 93,2 | 14,9 |

Tiykarġı kapitalġa kiritilgen investitsiyalardiń qarjılandırıw derekleri boyınsha eń joqarı ósim páti Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditlari boyinsha-ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırġanda 8,7 mártege asqan. Bul Taxiatash ıssiliq electr stansiyasinda iri investitsion proekt – hár biri 230-280 MVt quwatqa iye eki gaz buwlawshi úskenelerdiń qurılısı menen baylanıslı. Respublika byudjeti tárepinen ózlestirilgen investitsiyalar 8,8 mártege asqan. Mámleketlik qarjılardıń 50 % ten kóp bólegi quwatlılıġı 2100 mln.kub.metr suwġa teń bolġan Tórtkul rayonındaġi "Shórbulaq" suw saqlaġıshına jóneltirildi. Sonday-aq, 17,8% qarjı sotsiallıq ob`ektler qurılısına jóneltirildi.

## Rayonlar kesiminde qarjılandırıw derekleri boyinsha tiykarǵı kapitalǵa investitsiyalar (mlrd.sum)

| | Tiykarǵı kapitalǵa investitsiyalar mlrd.sum. | shu jumladan tumanlar tomonidan: | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Respublika byudjeti | Karxanalar hám mekemeler qarjıları | Xalıqtıń qarjıları | Shet el investitsiyalar hám kreditleri | Mámleketlik maqsetli fond qarjıları | Balalar sportin rawajlandırıw fondı | Qayta qurıw hám rawajlandırıw fondı | Kommersiyaliq bank kreditleri hám basqa qariz derekleri |
| **Qoraqalpaǵstan Respublikası** | 1328,8 | 188,7 | 212,5 | 197,9 | 429,7 | 1,3 | 7,6 | 94,2 | 196,9 |
| Sonday-aq: | | | | | | | | | |
| Amiwdarya | 58,8 | 1,1 | 28,3 | 17,6 | 0,6 | 1,3 | - | - | 9,9 |
| Beruniy | 43,0 | 0,1 | 3,1 | 23,6 | 0,4 | - | - | - | 15,8 |
| Qoraózek | 34,1 | 2,2 | 4,6 | 3,4 | 0,1 | - | - | - | 23,8 |
| Kegeyli | 21,2 | 1,3 | 4,0 | 7,9 | 1,6 | - | - | - | 6,4 |
| Qońirat | 136,7 | 1,0 | 60,0 | 12,9 | 52,9 | - | - | - | 9,9 |
| Qanlıkól | 15,4 | 2,1 | 1,6 | 6,9 | 0,1 | - | - | - | 4,7 |
| Moynaq | 49,6 | 3,4 | 19,5 | 12,0 | 0,1 | - | 7,6 | - | 7,0 |
| Nókis rayoni | 39,5 | 7,2 | 2,1 | 17,5 | 0,6 | - | - | - | 12,1 |
| Taxiatash | 459,1 | 2,5 | 8,7 | 6,2 | 343,6 | - | - | 94,2 | 3,9 |
| Taxtakópir | 13,7 | 0,8 | 3,9 | 3,2 | 3,5 | - | - | - | 2,3 |
| Tórtkul | 128,2 | 106,7 | 2,5 | 9,7 | 0,7 | - | - | - | 8,6 |
| Xojeli | 36,7 | 0,9 | 5,7 | 26,2 | 0,5 | - | - | - | 3,4 |
| Chimbay | 18,6 | 1,3 | 3,4 | 6,9 | 5,9 | - | - | - | 1,1 |
| Shomanay | 14,2 | 2,0 | 1,9 | 4,6 | 1,3 | - | - | - | 4,4 |
| Ellikqala | 57,7 | 2,9 | 5,1 | 7,4 | 17,7 | - | - | - | 24,6 |
| Nókis qalası | 202,3 | 53,2 | 58,1 | 31,9 | 0,1 | - | - | - | 59,0 |

# *Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalar*

| Rayonlar | Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalar | Ótgen jılǵa qarata ósim páti,% |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaǵstan Respublikası** | 1328,8 | 136,3 |
| Amiwdarya | 58,8 | 117,7 |
| Beruniy | 43,0 | 159,4 |
| Qaraózek | 34,1 | 112,8 |
| Kegeyli | 21,2 | 130,0 |
| Qońırat | 136,7 | 44,6 |
| Qanliko'l | 15,4 | 113,4 |
| Moynaq | 49,6 | 195,3 |
| Nókis rayoni | 39,5 | 205,9 |
| Taxiatash | 459,1 | 1657,6 |
| Taxtakópir | 13,7 | 103,1 |
| Tórtkul | 128,2 | 467,2 |
| Xójeli | 36,7 | 139,4 |
| Chimbay | 18,6 | 101,7 |
| Shomanoy | 14,2 | 123,8 |
| Ellikqala | 57,7 | 111,9 |
| Nókis qalası | 202,3 | 65,7 |

# *Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalar*

Rayonlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardıń eń joqarı ósim pátleri Taxiatash rayonlarında kúzetildi – ótken jıldiń usı dáwirine qarata 16,6 mártege kóp. Bul Taxiatash ıssıliq elektr stansiyasında islep shıǵarıw quwatın keńeytiriw boyınsha iri joybardıń ámelge asırılıwı menen baylanıslı. Tórtkul rayoninda bul kórsetkish 4,7 mártege ósdi, hám bul esabat dáwirinde taz suw saqlaǵıshınıń qurılısı menen baylanıslı, bunnan tısqarı, Nókis rayonindada joqarı ósim páti kúzetildi -205,9%, bul bolsa irrigatsiyalıq hám meliorativliq obyektlerin qurıw ushın tuwrıdan tuwrı shet el investitsiyaların ózlestiriw esabına júz berdi. Moynaq rayonında ósim páti 195,3 payızdı quradı bul dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw fondı qarjılarınan ajıratılǵan 7,6 mlrd sumlıq suziw basseyni hám basqa da sport obyektleri qurılisi menen baylanıslı. Bunnan tısqarı jergilikli byudjet hám mekemeleri qarjıları esabınan sotsialliq obyektler , uy-jay, mektepke shekemgi bilimlendiriw orayları qurılısina qarjılar ajıratildi. Beruniy rayonında ósim páti 159,4%i qurap, tuwrıdan tuwrı shet el investitsiya hám bank kreditleri esabınan sement islep shıǵariwshi taza zavod qurılısinan qarjilar ajıratıldı. Ósim pátleriniń páseyiwi ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda Nókis qalasında 44,6%ti quradı, bul ótgen jıllardaǵı iri investitsiya joybarları menen baylanıslı. Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardı rayonlar arasında analizlegende 34,6% Taxiatash rayonına, 15,2% Nókis qalasına , 10,3% ti Qońırat rayonına hám 9,6% ti Tórtkul rayonına tuwrı keldi.

# *Tiykarg'ı  kapitalg'a  kiritilgen investitsiyalar*




ıǵ

# *Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalardıń texnologik dúzilisi*




Qaraqalpaǵstan Respublikasında tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardiń texnologik quramında qurılıs montaj jumısları ushın 598,4 mlrd.sum ajıratıldı, uliwma kólemniń 45,0%ın quradı, mashina, ásbab – úskene hám inventarlardı satıp alıw ushın jóneltirilgen investitsiyalar kólemi 661,8 mlrd.sumdı quradı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardiń ulıwmadaǵı úlesi 49,8%) hám basqa qárejetler-68,6 mlrd.sum (5,2%).

***Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalardıń texnologik dúzilisi***




Texnologik dúzilisi boyinsha esabat dawirinde qurılıs-montaj jumısların jóneltirilgen investitsiyalar ótgen jılǵa salıstırǵanda 22,5%ǵa kemeydi, mashina hám uskeneler satip alıw ushın 25,2%ǵa asdı, basqa qárejetlerge jo'neltirilgen investitsiyalar 2,7%ǵa kemeydi.

Qarjılandırıw derekleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa jóneltirilgen investitsiyalardıń takrar islep shiǵarıw dúzilisi




Esabat dáwirinde tiykarǵı fondlarǵa kiritilgen investitsiyalardıń kóp bólegi bar bolǵan obektlerdi keneytiriwge, rekonstruksiya qılıw, modernizatsiya hám texnik qayta qurallantırıwǵa qaratılǵan bolıp, 968,4 mlrd.sumdı yaki ulıwma kólemnin 72,9%ın quradı. Keneytiriw, rekonstruksiya qılıw, modernizatsiyaw hám texnik qayta qurallandırıw 10,1% kiritilgen investitsiyalar kólemi 33,8 mlrd.sumdı quradı, bul 37,5% dı, qalǵan 17,0 %ı yaki 226,6  mlrd.sumdı basqa jónelislerge ózlestirildi.

## *Tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyalar*

Qarjılandırıw derekleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa jóneltirilgen investitsiyalardiń takrar islep shiǵarıw dúzilisi




Esabat dáwiride keńeytiriw, rekonstruksiya qılıw, modernizatsiya hám texnik qayta qurallantırıw boyınsha investitsiyalar ótgen jılǵa qaraǵanda 1,0%ǵe az. Jana qurılısda investitsiyalar kólemi 0.5%ǵa, basqa jonelislerde bolsa ótgen jılǵa qara ǵanda 0,5%ǵa kóbeydi.




Esabat dáwirinde elektr energiyasi ham gaz jetkizip beriw 435,6 mlrd.sumǵa yaki uliwma investitsiyalar kóleminiń 32,8%ına tuwrı keldi.

Taw-kán sanaatı tarmaǵında 133,8 mlrd.sum yaki ulıwma investitsiyalardıń 10,1%ı ózlestirilip, sonnan 108,6mlrd.sum yaki jami investitsiyanın 8,2 % tabiiy gazdi qazip aliwǵa (taza qudiqlardiń iske túsiriliwi)ózlestirildi.

***Ekonomikalıq xızmet túrleri boyinsha shet el investitsiyaları hám kreditleri***

*(% da )*




Ózlestirilgen shet el investitsiya hám kreditleriniń 78,7%ı elektr energiyasın hám gaz jetkizib beriw jónelisine tuwrı keldi hám 12,3%ı taw-kán sanaatı túrine ózlestirildi.

## Xalıqtıń jan basına tiykarǵi kapitalǵa investitsiyalar
Yanvar-mart 2019




Esabat dáwirinde tiykarǵi kapitalǵa ózlestirilgen investitsiyalardıń xaliqtiń jan basına tuwrı keletuǵın kórsetkishleri salistirilǵanda Taxiatash rayoninda (6298,2 mıń.sum) , Moynaq rayoninda (1584,0 mıń.sum ) , Qońirat rayoninda (1064,1 mıń.sum) dı quradı. Jámi Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha usı kórsetkish 709,6 mıń.sum dı quradı.

# *Sotsialliq taraw  ob'ektleri*

Emlewxanalar, ambulatoriya-poliklinika, awil vrachliq punktları hám basqa meditsinalıq punktlerdi qurıw hám capital rekonstruksiya qılıw ushın 15,8 mlrd.sum  investitsiyalar kiritildi, den-sawlıqdı saqlawǵa jóneltirilgen investitsiyalardıń  65,0% dı quradı. Olardıń 15,4 mlrd.sumı jańa qurılısqa jóneltirildi. Tálim jónelisin jánede rawajlandırıw boyınsha ámelge asırilip atırǵan shara ilajlar sheńberinde jámi 362,9 mlrd.sum investitsiyalar ulıwmalıq bilim orınların, (sonday-aq mektepke shekemgi bilim orınların) hám qániygelestirilgen mekteplerdi qurıw hám rekonstruksiya qılıw ushın paydalanıldı ilimdegi investitsiyaniń 31,1% ın quradı. Olardıń 4,4 mlrd.sumi jańa qurılısǵa ózlestirilgen,3,5 mlrd.sumı bolsa rekonstruksiya qılıw ushın jóneltirilgen.




Joqarı oqıw orınları ushın - 3,2 mlrd. sum



orta hám  ar nawlı mektepler, mektepke shekemgi bilim beriw orinları - 7,9 mlrd. sum




bolnisa, poliklinika, awil vrachlik punktleri hám basqa meditsinaliq  punktlari  ushin - 15,9 mlrd. sum



***Qaraqalpog'ston Respublikasi***
***Statistika basqarması***
***Investitsiya ham qurılıs statistikası bo'limi***


***Juwapker: Z.Seytimbetova***
***Telefon:  (861) 222-75-91***